## Ádebiyatlar

1. Propp V.Ya. Morfologiya skazki. –M.: «Nauka», 1960. –S. 107.
2. Propp V.Ya. Istoricheskie korni volshebnoy skazki. –L. 1986. –S. 23.
3. Propp V.Ya. Russkie agrarnıe prazdniki. –L.: 1963. –S. 112.
4. Imamov K. Qádimgi neke saltı hám epos // Wzbek tili va adabiёti. –Toshkent: 1988. №4-5. 6-24-b.
5. Eshonqulov J. Folklor: obraz va talqin. – Qarshi: «Nasaf», 1999. 140-b.
6. Qaraqalpaq folklorı. Kop tomlıq I-II Qaraqalpaq xalık ertekleri. -Nokis: «Qaraqalpaqstan» 1978. 310-b.
7. Qaraqalpaq folklorı. Kop tomlıq 67-76 tomlar. –Nokis: «Ilim» 2014, 560-b.



**REZYUME.** Maqolada jahon bolalar adabiyotida ertaklarning tipologik xususiyatlari, o'xshashliklari, tematikasi, janriy xususiyatlari, obrazlar sistemasi, syujetlari, motivlari tipologik asosda ilmiy-nazariy jihatdan tadqiq qilish masalalari so'z etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье на типологической основе рассматриваются типологические особенности, сходства, темы, жанровые особенности, система образов, сюжетов, мотивы сказок в мировой детской литературе.

**SUMMARY.** In the article, the typological features, similarities, themes, genre features, system of images, plots, motives of fairy tales in world children's literature are discussed on a typological basis.


**УДК: 821.51**

# O.ÁBDIRAXMANOVTÍŃ SATIRALÍQ SHÍǴARMALARÍNÍŃ TEMATIKASI HÁM IDEYALÍQ BAǴDARLARÍ

**A.B.Seytbekov** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** yozuvchi, yumor, janr, adabiy janr, satira, hikoya, epik asar.
**Ключевые слова:** писатель, юмор, жанр, литературный жанр, сатира, повесть, эпическое произведение.
**Key words:** writer, drama writer, janre, play, tragedy,stor, epic novel.

Kópshillikke málim bolǵanınday O.Ábdiraxmanov dóretiwshiligi turmıs mashqalasın ayqın sóz etewshi ocherklerden, satiralıq gúrrińlerden baslanıp óz oqıwshıların qısqa waqıt ishinde tańlandırǵan edi. Shınında da qaraqalpaq ázelden kúlki qumar, xalıq ásirlerden ásirlerge ulasıp ómir súrip kiyatırǵan Ómirbek laqqı hám Jiyrenshe sheshen de, sóz óneriniń sultanı bolıp ótken. Biraq, bizge deyin jetip kelgen qıylı-qıylı ushırma gáplerdiń bırazı tikkeley olardan ózlerine tiyisli bolsa, kóbisin xalıq ózi dóretip, olardı Ómirbektiń atı menen baylanıstırǵan. Usılay etip, awızekı ádebiyatımızdıń umıtılmas qaharmanı payda bolǵan. Hár qanday kúlkili sóz máni wa-xa-xa bolıp qala bermeydi. Onıń astarında úlken turmıslıq máni, tárbiyalıq ideya jatadı. Qaraqalpaq jazıwshıları endi awız ádebiyatı arqalı bayıtqan sóz dúnyasın, dúnya tanımın jer júzlik ádebiyatınıń durdanaları menen bayıttı. Mine solardan biri bolǵan Orazbay Ábdiraxmanovtıń satirik jazıwshı bolıp shıǵıwında rus jazıwshısı Anton Pavlov Chexovtıń, Nikalay Vasilevish Gogoldıń, Turk jazıwshısı Aziz Nesinniń, ózbek satirigi Abdulla Qahhardıń sózsiz tásiri bar edi. Jazıwshınıń gúrrińleri endi folklordaǵıday ańqıldaq, ashıq sózli kúlki emes, al astarı júdá ótkir, kúlip turıp shımshıp alatuǵın xarakterlerge iye boldı. Alımlar onıń dóretiwshiliginiń baslanıw dáwirine bılay degen edi. "Orazbay Ábdiraxmanov 70-jıllardıń basında satiralıq gúrrińlerdiń sheberi sıpatında tanıla basladı" [1:225]. Onıń eń birinshi kitabındaǵı "Gápke qayım adam" degen gúrrińdi alıp qarayiq. Mákemede Tawmurat Jaymuratovish degen adam bar. Ózi islep atırǵan xizmet boyinsha ayriqsha bir juwapkershilikke de iye emes, bar bolǵanı texnika qáwipsizligi qánigesi. Lekin, mekemede plan orınlanbasa da baslıq joqarıdan sógis esitse de yamasa baslıqtıń kewil keypi bolmasa da usı Tawmuratqa kiygiledi. Bugingi jıynalısta da Tawmurattıń esitetuǵını aqiret, bir hápteden keyingi jıynalısta da, bir aydan keyingi jiynalısta da … Aqiri, bir kúni Tawmurat buǵan shıday almay, jumistan ketpekshi bolip, baslıqtıń aldina kirdi.

- Durıs sen bar bolǵanı qáwipsizlik xizmetkerisen,- deydi oǵan baslıq,

- Biraq, men saǵan sonsha jámiyetlik jumıslardı biykarǵa tapsirip qoyǵanim joq ǵoy. Saǵan jol siltep, seni sogıp turmasam, meniń aǵalıq wazıypam qayda qaladi? Bunı esitip baslıqtıń kórsetip atırǵan aǵayinshiligine kewli toldı hám arzasın qaytıp aladı.

Avtor bul jerde mekeme baslıǵınıń aǵayinpazlıǵı, májlistegi baqiris - keyistiń bári kózabaǵa islenip atırǵanın ashshı kúlkige aladı. Shıǵarma qaharmanınıń túsiniginshe: baslıq aǵaynine sonsha baqırıp atır, bizlerge indemegey-da, dep ótırıwı múmkin. Aqırı, " túyeni jel ushırsa, eshkini aspanda kór" degen sóz bar emes pe? Avtordıń tapqirlıǵı sonda, ol mekeme basshisin ashıqtan-ashıq aǵayinpaz dep yamasa Tawmuratta hámme nársege kónip qalǵan dep ashıqtan-ashıq aytpaydı. Onı oqıwshınıń ózi túsinip aladı. Gúrrińniń juwmaǵınıń gózlegen maqsetin, ideyasın aytıp tur. Biziń pikirimizshe, qaraqalpaq ádebiyatınıń dunyalıq ádebiyat durdanalarınıń bayıwı, ásirese, jigirmalanshi ásirde ádebiyat hám ádebiyattaniw ilimine bolǵan talaptıń kúsheyiwi, jazıwshilardıń hám jas qálemkeshlerdiń kóp oqıwına, kóp izleniwine túrtki bolǵan bolsa kerek. Ábdiraxmanovtıń, mine usi jigirmalanshı ásirdiń sekseninshi jılları batıl kirip kelgen jollardıń ishindegi eń zaberdesi bolǵan. Ol Chexovti, Gogoldi, Shedrindi, Abdulla Qahhardi óz ana tilinde (yaǵnıy rus, ózbek) oqıp, olardan ruwxıy talim alg'an. Bul úlgi hámme shıǵarmalarında derlik ushırasadı.

Talantlı túrk satirigi Azim Nesin bir gurrińinde "Ullı adamlardıń biri", "Jazda kun ıssı boladı" degen eken dep baslaydı. Ábdiraxmanovtında baslaw tendenciyası bar. Onıń toplamǵa at bolǵan "Bir muxabbat tariyxı" [2:34] gurrińi bılay baslanadı. "Qaysısı ekenin anıq ayta almayman, ya Balzak, ya Bayron, áytewir birew bılay depti: "ishqı sırı úshinshi birewge pash etilgennen baslap, muxabbat ólip, górı qazila beredi". Usı qatarlardı oqiw menen-aq bul gurrińniń ideyasınıń sátsiz muxabbatqa quralǵanin bileseń. Biraq, ol qanday sátsizlik, kim tárepinen júz bergen bunı biliw ushın gurrińdi tolıq oqıp shıǵıwǵa tuwra keledi. Oqıwshını bunday usıl menen ózine elite biliwi de jaziwshınıń tapqirlıǵı. Ádette, bunday aldın-ala "málim etiw"ler úlken prozalıq shıǵarmalarda, kórkem filmlerde prolog retinde beriledi. Kishkene gúrrińde de bul usıldı qallanıw-avtordıń ózinsheliligi yamasa jańashalıǵı dese boladı. Sonlıqtan bul toplam ""Bir muhabbat tarıyxı" toplamına engizilgen "Botinka", "Ójet", "Ógizdiń miyi" gúrrińlerinde avtor ózinen burıngı satirik jazıwshılarǵa usamawdıń jolların izlep, jańa súwretlew formaların tabıwǵa, qaharmanlar xarakteriniń jańa qırların jaratıwǵa umtıladı" [3:225] dep unamlı bahalanǵan edi.

...Patmuratov familasi bir qurılıs mekemesiniń injeneri Saliyma degen qızǵa ashıq boladı. Qız bunı jaqsı kóre me, kórmey me, oyaǵı buǵan námálim. Lekin, ol eskiliktiń joli menen úyine jawshi jiberip, quda tárepiniń razishiligın aladi. Mine usınnan baslap ele joq jerdegi "Muxabbattıń" ózi duyim jurtqa málim bolıp ketedi.

"Eshektiń ólimi-iytke bayram" degendey, bunnan paydalanıp qalǵısı kelgen Saliymanıń jaqın-juwıqları bolajaq kúyew balanı tespey sorıydı.

...."Gellem guw-guw aylandı. Gerbish - Saliymanıń dayısına, qizil boyaw- Saliymanıń jezdesine, meduchilishe– Saliymanıń inisine... úylenemen dep, úylenbey atırıp – aq usınsha tashwish arttırǵan Patmuratovtıń muxabbatı qurı shıǵındarlıq penen qosa sátsiz ayaqlanadı.

Ele, usı quday bar bolsa, sol urǵashını jer tartar! Há, jer jutqir!

- Haw, ne gáp apa?

- Ne gáp? Bilmegendey soraysań – á, haw, apa saǵan ayttırıp qoyǵan sallaqı bugin azanda birew menen qaship ketipti ǵoy.

Eger bul jigit zamanǵa is tutip, qız benen ózi sóyleskende. Sáliymanıń onı jaqsı kórmeytuǵının bilgen bolar edi, nátiyjede oǵan jawshı jibermes, eń baslisi xalıq múlkine qilaplıq

etpegen bolar edi. Bul, álbette, muxabbat emes. Avtor onıń muxabbat emesligin bilgeni ushın da oǵan “Bir muxabbat tariyxi” dep at qoyǵan. Bul muxabbatti tirnaqsha ishinde dep túsinsek boladı. Sebebi, avtordıń ideyasınıń ózi onıń tırnaqsha ishindegi muxabbat ekenligin aytıp tur. Eger onı tuwrıdan – tuwrı tırnaqsha ishine alıp kórsetkende, bul gúrrińniń juwmaǵın kimnen burın aytıp turar, yaǵnıy “Padadan burın shań shıǵarar” edi. Nátiyjede, temasınan juwmaǵı kórinip turǵan shıǵarmanıń oqıwshı kemde-kem oqıydı. Sonıń ushın da avtor gúrrińniń basında “Balzaktıń ba, Bayronnıń ba”, ekı awız pikiri menen oqıwshını jipsiz baylap qoyıptı. Xosh, endi avtordıń usı gúrriń arqalı aytajaq oy-pikir, ideyası neden ibarat. Dúnyada sátsiz muxabbatlar az ba? Onnan oqıwshı qanday órnek alıwı múmkin. Álbette, oqıwshı sátsizliklerden órnek almaydı, sabaq aladı. Biraq, shıǵarma oqıwshı sabaq alǵanday bir tujirimli oyǵa, túyinge iye bolıwı kerek. Bul túyın – O.Ábdiraxmanovtıń “Bir muxabbat tariyxı” gúrrińinde bar [2]. Ol túyin shıǵarmanıń basında – aq oqıwshınıń kóz aldında payda bolıp, aqırında sheshiledi. Avtor bul gúrriń arqalı muxabbatqa sırttan kórse qızarlın menen erisiwge bolmaytuǵınlıǵın sonıń menen birge jeke mápi ushın ulıwma xalıqtıń mápine qol urmawlıq kerekligin aytadı. Bir sóz benen aytqanda avtor bir oq penen eki qoyandı atıp otır.

Belgili rus jazıwshıları Tolstoy, Gogol, Chexovlardıń gúrrińleri yáki piessaları qansha jıllar ótse de, jámiyetlik dúzimler ózgerse de hesh qunın joytpaydı. Bunıń baslı sebebi nede? Baslı sebebi shıǵarmada adam psixologiyasın sáwlelendiriwde. Eger Tolstoy graf bolǵanlıqtan óz dáwiriniń bayların, patshaların táriyiplep shıǵarma jazǵanda, ol búgingi kúnge deyin jetip kelmes edi. Onı eń dáslep sociyalistlik dúzimniń sınshılları –aq ılaqtırıp taslap, qala berdi onı búgingi kúnde de heshkim tawıp alıp oqımas edi. Sebebi, hár dáwirdiń óz bayı, óz kambaǵalı bar, on toǵızınshi ásirdiń hámeldarı búgingi hámeldar menen ulıwma sáykes kelmewi mumkin. Sonıń ushında búgingi klassikler bas qaharman, onıń bas ideyası etip adamnıń psixologiyasın alǵan. Sebebi, qanday jámiyet bolmasın, qanday dúzim bolmasın ol adamsız bolmaydı. Ol adamnıń oy-pikirsiz jasamaydı. Múmkin, hár dáwirdiń adamı hár qıylı oylar, bıraq olar detalları menen ǵana ayrıladı. Máselen, XVIII-XIX ásirde arba mingen dvoriyanlar menen búgingi kompyuter zamanınıń adamları basqa-basqa. Bıraq, insan qálbindegi jaqsılıq hám jamanlıq, ashkózlik hám sútxorlıq, satqınlıq hám jaǵımpazlıq illetleri forması jaǵınan hár qıylı bolıp kelse de, mazmunı bir bolıp keledi. Orazbay Ábdiraxmanovtıń adam psixologoyasına qurılǵan shıǵarmaların avtordıń “qońsı-qobalar” kitabında kópten ushıratıwǵa boladı. Avtordıń “Ǵárejet” dep atalǵan gúrrińinde qalay dúnya jıynaw haqqında bas qatıradı.

- Endigiden bilay úyińnen yaki asxanadan awqatlanba,- dep máslahat beredi dostı gúrriń qaharmanına.

- Kúnde bir tanısımnıń úyine bar. Saǵan kimniń jumısı túsip tursa dárhal pitirme. Ya seni túslikke mirat etedi, ya kisesine birnárse tıǵıp ketedi. Jáne tiykarǵı jumısıńa qosa úsh-tórt jerde isle. Men ózimshe oylanıp, dostımnıń keńeslerin is júzinde asırıw bel bayladım. Tapqanımızdı tıyın - tebenine deyin únemlewimiz ushın hayal úyde awqat asqandı qoydı. Túslikti ekewimiz ekı jaqtaǵı tanıslardıń úyinde ótkeremiz. Esapshılıǵımnan basqa jáne túngı restorannıń bufetinde “Azıq-awqat” dúkanınıń qarawıllıǵın qosıp isley basladım. Domkomǵa jalınıp júrip, kóshemizdiń montyarlgın da qosıp aldım …..

Nátiyjede toyıp awqat jemegen gúrriń qaharmanları asqazan - ishek kesellikleri emlewxanasına túsedi. Biraq, oǵan qayǵıratın olar joq. Qayta más:

….. Mınawı júdá ráhát eken. Úyimizde toplanǵan qárejet tura beredi, bul jerde bir tiyinińda sarıplanbaydı.

“Adam alası ishinde” dep xalqımız biykarǵa aytpaǵan. Adamlar hár túrli, sonday zıqna adamlar boladı, Orazbay Ábdiraxmanovtıń qaharmanlarınday den-sawlıǵın joytıp bolsa da payda kórgenine riza. Avtordıń “Ǵárejet” gúrrińi mine usınday tiptegi adamlardı sóz etedi. Olar kúyewi de, hayalı da bir-birine sayma-say tawıp qosılǵan. Úyindegi ǵárejetti únemlew ushın túste, keshte de kisiniń úyinen tamaq asıraydı. Jora – joldas, dos-yaranlarınıń úyin grafik boyınsha aylanadı [4:10]. Mine, usı esaptan aylıǵın, basqa da tapqan ǵárejetlerin únemleydi.

Bálkim, bir jerde toyıp isher, bir jerde shala qursaq qaytar, yaki bir kúni pútkilley ash qalar- olarǵa bul nárse baslı másele emes. Ashlıqtan den-sawlıǵı buzılsada, kisesinen pul shıqpasa boldı. Adam psixologiyasına qurılǵan syujet, yaǵnıy psixologiyalıq satira dep usını aytsa boladı. Sebebi, adamdaǵı bunday minez, anıǵıraǵı bunday tiptegi adamlar keshede bolǵan, búgin de bar, erteńde boladı. Olarǵa jámiyettiń sıyasattın ózgeriwi tásir qılmaydı. Múmkin, ziqnalıqtıń, ashkózliqtıń, sutxorlıqtıń hár qıylı formaları payda bolar, biraq tup-tiykarı mazmuni birdey. Jámiyetshiliktiń birazı ilimpazlardıń psixologiyasın jaqsı bile bermeydi. Ulıwma alǵanda, ilimpazlardıń kóbisi jámiyetke tıǵız aralasa bermegenlikten, onnan qala berse olardıń ilimiy jumısı hámme ushın emes, kóbinese sol salanıń ádep ikramına ǵana tiyisli hám túsinikli bolǵanlıqtan, adamlar olar menen kem qızıǵadı. Degen menen ilimpaz bolıw júdá joqari dáreje. Oǵan kim bolsa sol erise bermeydi. Jaslardıń kóbisi sawatlı ustazlarınan tásirlenip, ilimpaz bolıwdı arman etedi. Biraq, bunıń iykemlik, qábiylet talant hám joqarı bilim kerek. Qurı háweslik penen ilimniń qirli soqpaqlarınan órmelep, biyik shıńǵa jete almaysań. Lekin, mayǵa jarısıp ókpede qalqadı degendey, kewildegi háweslikti ilimge bolǵan qábilet dep túsingen geyparalar ómir boyı ya ilimpaz emes, ya basqa qániyge iyesi emes, alamajiwa bolıp ótedi. Biraq onı kópshilik kiygen kiyimine, “bir iyininen bolıp júretuǵın” úlken sumkasına, tawsılmaytuǵın “ilimiy saparlarına” qarap, “bálkim, ilimpaz bolsa, ilimpaz shıǵar, biziń bul nársege tilimiz batpaydı” dep, orta darmiyan qatnasta boladı. Bunı maba bilgen “Shontıq ilimpazlar” onnan sayın gardiye túsedi. Ómir boyi kandidatlıq dárejege erise almasa da, ilim menen qızıqpaytuǵın yaki ol haqqında oylaǵısı da kelmeytuǵın toparlar arasında ózin dana sezip, fiziologiyalıq jetispewshilikler sebebinen túsip qalǵan tóbe shashın “Ilimniń mashqalası” dep búrkep, óz-ózinen xanasına sıymay júrgen kimseler, álbette, barshılıq. Orazbay Ábdiraxmanovtıń “Sumkadaǵı bilim” gúrrińi mine usınday tiptegi shala ilimpazlardıń ishki sırın ashıp taslaydı. Jurt “Ilimge sınıp tur” dep oylaytuǵın awır sumkada, bari – joǵı etik may, shotka, saqal alǵısh, eki shiyshe qatıq bar ekenligin avtor gúrrińniń izinde ǵana birdey. Qaraqalpaq ádebiyatında ilimpazlar haqqınday birdey ashshi tilli shıǵarmalar Orazbayǵa deyin bolmaǵan edi. Jazıwshılar bunday ilimpazlardıń bar ekenligin burında bilgen, lekin onı qanday formada beriw máselesine qiziqpaytuǵın bolsa kerek. Satira janrınıń diyapazonı sonda, onı qálegen formada jazıp, qálegen formada sóyletip bere beriw múmkin. Buǵan ekinshi toplamǵa kelip, qálem biraz ısılǵan O.Ábdiraxmanovtıń sheberligi tolıq jete bilgen. Bunı, álbette, óz dáwiriniń haqıyqıy satirası dep orınlı túrde aytıwǵa boladı.

Demek, tematikasi 1. Turmıs máselelerin sóz etiwshi gúrrińler, (Yaǵnıy jumıstaǵı ápiwayı kelispewshilik, h.t.b.). 2. Yumor-satiralıq baǵdarda. 3. Muxabbat temasinda kóbirek jazǵan. Bulardıń hámmesinde de yumor-satiralıq súwretler bar. Usı tematikadan kelip shıqqan halda hár bir gúrrińniń ideyası búgingi dáwirimizdegi turmıs haqıyqatlıǵın ótkir aship beriwge qaratılǵanlıǵınıń gúwası boldıq.

## Ádebiyatlar

1. Paxratdinov Á., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxı. –N.: «Qaraqalpaqstan», 2011, 225-b.
2. Abdiraxmanov O. “Bir muxabbat tariyxi” 34-b.
3. Abdiraxmanov O. “Qońsı-qobalar”. 10-b.

**REZYUME.** Maqolada O.Abdirahmonov ijodidagi satirik asarlarning mavzu va gʻoyaviy yoʻnalishlarini oʻrganishga eʼtibor qaratilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье уделено внимание изучению тематики и идейных направлений сатирических произведений в творчестве О.Абдирахманова.

**SUMMARY.** The article focuses on the study of the themes and ideological directions of satirical works in the works of O.Abdurakhmanov.